ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЫМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№№182-183 (22.591) ● 2013 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 19, махуэку ●Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 6-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

2013 гъэм шышхьэуІум и 1-м **№90-РГ**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал кІуалыкъухэм увыну хущІэкъу цІыхухэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал кІуалыкъухэм зэрыт-хэмрэ кІат хьыбархэм я пэжагъымрэ ахэр нэгъэсауэ зэрящытымрэ, апхуэдизкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал кІуалыкъухэр зыІыгъхэр хуагъэува мардэхэм зэритыр къэпщытэным теухуа Положенэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2010 гъэм гъатхэпэм и 4-м къыдигъкІа Указ №22-УП-мкІэ кІыщтам и пункт 20-м ипкъ итКІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал кІуалыкъухэр зыІыгъэм ІэнатІэм зэрыпэрытыпхъэм теухуауэ хуагъэувкэр зэрагъэзащІэм кІэльыпльынымрэ зэгурымыІуэныгъэхэр зэблэгъэкІынымкІэ комиссэм хэтхэр къэщтэм мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. Къару имыІэжу къэлытэгъэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2010 гъэм гъатхэпэм и 17-м къыдигъкІа унафэ №18-РП-м.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2013 гъэм шышхьэуІум и 1-м кыдигъкІа унафэ №90-РГ-мкІэ къыщытащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал кІуалыкъухэр зыІыгъхэм ІэнатІэм зэрыпэрытыпхъэм теухуауэ хуагъэувкэр зэрагъэзащІэм кІэльыпльынымрэ зэгурымыІуэныгъэхэр зэблэгъэкІынымкІэ комиссэм хэтхэр

КІуэшырокъуэ З. Къ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ Іым и къалэнхэр зыгъэзащІэр *(комиссэм и тхьэмадэщ)*

Баккуев Э. С. - Урысей Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм и «КІуэкІуэ В. М. и цІэр зезыхъэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал аграрнэ университет» профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет еджапІэм и «Къэрал, муниципальнэ унафэр зегъэКІуэныкІэ мэлыкъ и экспертизэмрэ» факультетым и «Къэрал, муниципальнэ унафэр зегъэКІуэныр» кафедрэм и унафэщІыр *(эзгурыІуауэ)*

Балкъыз М. Хь. -Урысей Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм и «КІуэкІуэ В. М. и цІэр зезыхъэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал аграрнэ университет» профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет еджапІэм и «Къэрал, муниципальнэ унафэр зегъэКІуэныкІэ мэлыкъэ Іэпхъуэ мылькум и экспертизэмрэ» факультетым и «ФІагъымрэ ямыгъэІэпхъуэ мылькумрэ» и кафедрэм и унафэщІыр *(эзгурыІуауэ)*

Власов А. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ Іым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм къэрал кІуалыкъэм, кадрхэм, щІыпІэ унафэр зегъэКІуэным я Іуэхущхьэ и управленэм и унафэщІыр *(комиссэм и секретарщ)*

Взрокъуэ З. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм хабзэншагъэхэмрэ коррупцэмрэ япэщІэтыным екъэІа ІуэхуэхмкІэ и дэІэпыкъэгъур

КъуэщІысокъуэ З. Л. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и къэрал-правовой управленэм и унафэщІыр

● Фэеплъ

Иужьрей гъуэгуанэ

Фокіадэм и 17-м Терскол къуажэм и къуэшыкхъэм и гъунэгъуу нэщхьеягъуэ пэкІу щыІэхэтащ Хэку зауэшхуэм и зэманым Іуащхьэмахуэ лъапэ зыхъума совет сэлэтхэм къащІэнахэр зэрыщІалъхьэм егъэшылІауэ.

ЗЭХУЭСЫМ щыІащ Урысейм ЗыхъуэжьныгъэмкІэ и министерствэм и лЫкІуэхэр, КЪР-м и Парламентым, Правительствэм, Жылагъуэ палатэм, Ветеранхэм я советым ящыщхэр, Дзэ комиссариатхэм, Урысей ФСБ-м и гъунапкъэхъуэмэ Іуэхущ Іапі эм КЪР-м щиІэ къудамэм, Іуащхьэмахуэ районымрэ Іуащхьэмахуэ къуажэмрэ я администрацэхэм я лэжьакІуэхэр, къуажэ Іэтащхьэхэр.

Совет зауэлІхэм къащІэнахэр къаГъуэтащ 2013 гъэм бадзэуэгъуэм и 30-м Іуащхьэмахуэ зыщыщІадза «Фэеплъым и дамыгъэ» хэкупсэ Іуэхур щрагъэкІуэкІащ. Ар Урысей Федерацэм зыхъуэжьныгъэмкІэ и министр армэм и генерал Шойгу Сергей и жэрдэмкІэ ирагъэжьащ Кавказым папщІэ екІуэкІа зауэр илъэс 70 зэрыриІукъум ирихьэлІэу. УФ-м ЗыхъуэжьныгъэмкІэ и министерствэм и дзэ къуэлыпІуэщІэ 80-м щІигъэкІа «Іуащхьэмахуэ мемориал» лъыхъуакІуэ гупымрэ щІащыкІащ Іуащхьэмахуэ и джабэхэр, «Донгуз Орун», «Азау», «Терскол», «Ирик Чат» ауэхэр. ЗауэлІхэм къащІэнахэм я мызакъуэу, кІагъуэтащ бгыхэм зэрыщыІуэхэу щІэщым щІигъу.

(КІэухыр 2-нэ нап.)

★★★

Щ1алэгъуалэр зэрощІэ

● Ди зэпыщІэныгъэхэр

Щ1ынальхъэхэр зэпэбэгу, зыр адрейм дэІэпыкъуу, я дэжьыгъэм и Іэмал щхьэхэмкІэ зэдэгугъэшэным, лъэпкъ зэныбжьэгъуныгъэр гъэбелджэным хуэгъэпсауэ щытащ «Урысей зэкъуэтым и щІэблэщІэ гвардие» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм я хэщІапІэу Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Осетие Ищхьэрэ-Аланиемрэ щыІэхэм иджыблагъэ Владикавказ щрагъэкІуэкІа зэІущІэр.

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ и щІалэгъуалэ гупым я Іэтащхьэр КЪБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм и къуэдзэ **Геккиев Султ1анрэ** КИФЩІ-м «Урысей зэкъуэтым и щІэблэщІэ гвардие» зэгухьэныгъэм и дэжьыгъэр зэзыгъэІуэм и аппаратым и унафэщІ **Стародубцевэ Светланэрэ**.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ щІынатІитым щыІэ хэщІапІэхэм я дэжьыгъэр зэрырагъэфІакІуэным, абыхъэм къыщыхъуэжьащІыгъэ-хэр зэрыт хьыбарегъащІэ ресурс къызэрэпэщыным, нэгъэщІэхэм. Абы хэтахэр къытеувыІащ гъэ кІуэм зэфІагъэкІамрэ дяпэкІэ я мурадхэмрэ.

«Урысей зэкъуэтым и щІэблэщІэ гвардие» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и щІынальэ къудамэм и унафэщІ **Пэрэн Беслъэн** щІэпхъаджагъэр щымыгъэІэным, абы и кІуэпсхэр гъэгъуным телажьэ «Медиагвардия» проектым и гугъу щищІым, кІыхьигъащІ ар щагъэзащІэкІэ щІынальэ къэс нІэ щхьэхуэныгъэр кІэлъытапхъэу. Абы жиІащ ди щІалэгъуалэр жыджэру, жэуапльныгъэ яхэлъу щытыным кІыхьеджэнымкІэ «Урысей зэкъуэтым и щІэблэщІэ гвардие» зэгухьэныгъэм и щІынальэ къудамэм и унафэщІ **Пэрэн Беслъэн** щІэпхъаджагъэр щымыгъэІэным, абы и кІуэпсхэр гъэгъуным телажьэ «Медиагвардия» проектым и гугъу щищІым, кІыхьигъащІ ар щагъэзащІэкІэ щІынальэ къэс нІэ щхьэхуэныгъэр кІэлъытапхъэу. Абы жиІащ ди щІалэгъуалэр жыджэру, жэуапльныгъэ яхэлъу щытыным кІыхьеджэнымкІэ «Урысей зэкъуэтым и щІэблэщІэ гвардие» зэгухьэныгъэм и щІынальэ къудамэм и унафэщІ **Пэрэн Беслъэн** щІэпхъаджагъэр щымыгъэІэным, абы и кІуэпсхэр гъэгъуным телажьэ «Медиагвардия» проектым и гугъу щищІым, кІыхьигъащІ ар щагъэзащІэкІэ щІынальэ къ

Иужьрей гъуэгуанэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Пэкiур къыщыгъэIуихым Iуащхьэмахуэ кьуажэм и администрацэм и Iэтащхьэ Курданов Уэеир кьыхигъэщхьэхуркIаш Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм пщIэяхуэщIыныр мы зэманым псэухэм я кьалэн лъапIэу зэрыщытыр. «Дэ ди мурадщ Iуащхьэмахуэ и джабэхэм щыхэкIуэдахэм къащIэнахэр дяпэкIи кьэтлъыхьуэну, дэтхэнэри щIэтлъхьажьну», - жиIащ Курдановым.

Зауэм хэта Бичекуев Хьэжмурат тепсэлъыхьащ Кавказым щекIуэкIа зэхэуэхэм. Ар ящытхуащ лъыхъуакIуэхэм: «Фэ фи кьалэныр дзэгъуэ вгъэ ззэщIащ!», - жиIащ абы.

Къэлыхьуэныгъэм пыщIа лэжьыгъэхэр зэрекIуэкIа щыкIэр къиIуэтэжащ УФ-м ЗыхъумэжьныгъэмкIэ и министерствэм и Ипщэ дзэ округым и унафэщI генерал-полковник Галкин Александр. Iуэхур гугъу ящIат бгыхэм уэс куу зэрытельым, ар ткIуртэжьым дуейр зэрыщыIэм къыхэкIыу. Япэ щыкIэ щIыпIэхэр зэбгратхъун хуей хъущ. КIэщIу жьпIэмэ, лжьыгъэ псоми хъарзынэу япэльэщащ. Генералым КЬБР-м и Правительствэм фIыщIэ хуищIащ къаэрадзIэпыкъуам папщIэ.

КЬБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я щIэкIэ пэжIум хэтхэм зауэгъэзащ КЬБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Къуэдзокьуэ Мухьэмэд. Абы УФ-м ЗыхъумэжьныгъэмкIэ и министерствэм фIыщIэ хуищIащ Iуащхьэмахуэ льапэ щыхэкIуэдахэм къащIэнахэр щIэльхьэным теуху я унафэ кьыэзрищтам кьыкъекIыу. Къуэдзокьуэм апхуэдэу пщIэшхуэ хуищIащ Iуащхьэмахуэ районымрэ кьуажэмрэ я администрацэхэм кьытщIэхьуэ щIэблэм хэкупсэ гъэсэныгъэ ирагъэгъуэтыным хуэгъэзауэ ирагъэкIуэжкI лэжьыгъэм, Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я нэIэ зэрыграгъэтым.

Iуащхьэмахуэ районым и администрацэм и Iэтащхьэ Малкаров Алсъэн жиIащ мы Iуэхур Iуащхьэмахуэ льапэ ильэс кьэс щрагъэкIуэкIыну зэрыщыгугъыр. «Ди жагъуэ зэрыхъунщи, хэкIуэдахэм ящыщ зыкъом иджыри щIалъхьэжакьым. Куэдыр иджыри кьэс кьалытэ хьыбарыншэу кIуэдауэ. Сэ си адэшхуэри зауэм хьыбарыншэу хэкIуэдащ икIи абы теухуауэ нобэр кьыздэсым зыри тщIэркьым. Апхуэдэ унатьуэкIэ кьэралым щымащIэкьым. Аращ лъыхъуакIуэхэм я лэжьыгъэм мыхьэнэ ин дыдэ щIиIэр», - кьыхигъэбелджылыкIащ район администрацэм и Iэтащхьэм.

Мыпхуэдэ Iуэхуэм мыкъэнэшхуэ зэраIэр кьыхигъэщащ КЬБР-м и Ветеранхэм я советым и Iэтащхьэ Шыхъуэбахьуэ Мухьэмэди.

Зауэм хэкIуэдахэм тхьэ хуельэIуащ ефэнды Синдикаев Ёдаррэ поп Кузнецов Леандррэ.

ИужькIэ дзэ салютым щIэту бэнхэр сакьыу кьуэшыкхъэм ирахьэхащ. Щыхухуэм абы удз гъэгъажэр бгъадальхьащ. ШыклакIуэхэм хьэуам хаутIыпщхьащ Кавказым папщIэ екIуэкIа зэхэуэхэм хэкIуэдахэм я цIэ-унэщIэхэр зытетха тхьылъыпIэ цIыкIуэхэр зыпыщIа шархэр.

ТАРИМ Алисэ.

• Министерствэхэм

Улахуэр и чэзум ятрэ?

КЬБР-м и вице-премьер Къуэдзокьуэ Мухьэмэд Лъжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ министерствэм щриIэкIуэжIащ республикэм и предприятэхэмрэ организацэхэмрэ улахуэр и чэзум щытыныр къызэрыгъэпэщкIэ комиссэм и зэIущI.

АБЫ хэтащ министерствэхэм, Iуэхущ1апIэхэм, профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэм я лIыкIуэхэр. Улахуэмкiэ щIыхуэ зытетльхэмрэ ахэр зытрагъэкIыжын папщIэ зэфIагъэкIэхэмрэ теухуауэ къэпсэльащ республикэм лэжьыгъэмкIэ и къэралинспекцэм и унафэщI МэремкъуэАреен. Абы къызэрыкIуэщамкIэ, улахуэр зэрат щIыкIэм я Iуэхущ1апIэр ткIийуэ кIэлъопIь.

- Лэжьыгъэ зэхущытыкIэхэр хабзэм тету къызэгъэпэщыным гулыитэшхуэ худощI. Улахуэр щIэуфауэ зэратым езы цIыхухэм кьадэкIуэу, республикэм и бюджетми и зэран йокI, - кьигъэлъагъуащ къэпсэльам. Абы зэрыжиIамкIэ, гъэм зэрыщIидзэр лжьыгъэ зэгурыIуэныгъэу 900-м нэблагъэ �IэнатIэхэм ирагъэкIыпIаш.

Комиссэм хэтхэр едIуащ «КЬБР-м и предприятэхэм ящыщу щIыхуэ зытельхэм я графикыр кьэщтэным и IуэхукIэ» лжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкIэ министр Тюбеев Альберт ищIа докладым. Абы къызэригъэльэгъуамкIэ, предприятэ 19 графикым хагъэхьащ, 6-р я кьалэнхэм пэлъэщыжьыркъым. Къуэдзокьуэ Мухьэмэд кьыхилъхьащ банкрот хьуа предприятэхэмрэ улахуэмкIэ щIыхуэ зытелъ ЕнатIэхэмрэ графикым щызэщхьэщахыну.

ЗэIущIэм и кIэухым комиссэм хэтхэм кьащтащ КЬБР-м улахуэмкIэ щIыхуэр щызэтегъэкIыжыным теухуа унафэ. Абы ипкъ иткIэ, республикэм и министерствэхэм, ведомствэхэм пщэрылъ щащIащ щIыпIэхэм улахуэр щызэтримыхьэн щхьэкIэ, муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ зыхуэфащэ чэнджещэр иратыну, щытыкIэр зыхуэдэр кьапщытэу абы теухуа хъыбархэр КЬБР-м Лжьыгъэмкiэ и къэралинспекцэм Iэрагъэхьэну, �IнатIэ, район комиссэхэм улахуэм хэгъэхьэным щегугъэну, зIуущIэхэм, коллегиехэм я зэхуэсхэм лэжьапIэр зэрат щIыкIэр щызэпкърахыну, нэгъэущIэрэ.

Къуэдзокьуэ Мухьэмэд кьызэхуэсахэм кьалэн ящиIащ кьыкIэлъыкIуэ я зэхьыхьэм ирихьэлIэу реестрыр ягъэхьэзыру графикым теухуа я Iуэху епльыкIэхэр кьыхалъхьэну.

ТОКЪМАКЪ Мадинэ.

• Бахъсэн щIыналъэ

Псы къыщIэшыпIэ №1

ХьэтIохъущыкъуей къуажэр псыкIэ нэсу кьызэрызэрагъэпэщыным нужь итщ.

ЖЫЛАГЪУЭ администрацэм и Iэтащхьэ Къумыкьу МуIэед щыгъуазэ дызэрищIамкIэ, языныкьуэ хьэблэхэм псы зэфэнур зэман пыухьикIам тету фIэнIа зэрыIэрамыгъэхьэфым и зэранкIэ щIыху куэд гугъу йохь.

Мы зэманым псы кьыщIэшыпIэ №1, №2-хэм ремонт лэжьыгъэхэр щрегъэкIуэжкI «Сатурн» подряд организацэм. Абы-хэм жьы жьы псы зрикIуэ бжьамийхэр щIэкIэ щахъуэжьнущ.

Лъэныгъэр зыхуей хуэзэу кьрахьэлIэ. Iуэхур и кIэм нэсмэ, нобэ гугъу ехь хьэблэхэм псы зэфэнумрэ кьагъэсэбэпынумрэ хуиту яIэрыхьэнущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Къуэжей Iумэтджэрий Дыгэлы и къуэр

Къабардей-Балъкъэрым хэщIыныгъэшхуэ игъуэтащ - и ныбжьыр ильэс 79-м иту фокIадэм и 18-м дунейм ехьжащ лэжьыгъэ �IэнатIэм и къызэгъэпэщащкIуэ цIэрыIуэ, Урысей Федерацэм ерыскъы промышленностымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Къуэжей Iумэтджэрий Дыгэлы и къуэр.

Ар Тэрч районым щыщ Курп Ищхьэрэ къуажэм 1935 гъэм къыщалъхуащ. Къуажэ школым ебланэ классыр къыщIиуха нэужь абы яджэным щыпищащ Налшык дэт интернат школым. ИужькIэ Саратов щыIэ экономикэ институтыр фIы дыдэу къиухри, Налшык и ерыскъы комбинатым экономисту лэжьэн щыщIидзащ. Адэкiэ КъБАССР-м и Къэрал план комитетым и экономист нэхъыжьу щытащ.

Лэжьыгъэм хуэрыщ икIи щIэныгъэ зыбгъэдэлъ Iэщагъэлым гу къыльатэри, ар ВЛКСМ-м и обкомым къызэгъэпэщыныгъэмкIэ и къудамэм и унафэщIу ягъэуващ. Мы �IэнатIэм абы лэжьыгъэм и къызэгъэпэщыкIэм щыгъэуазэ зыщищIащ, фIыкIэ зыкъыщигъэльэгъуащ икIи а псоми папщIэ «Комсомольскэ жьыдэжэру зэрыщыльажьэм папщIэ» ВЛКСМ-м и ЦК-м и дамыгъэр къратащ.

1965 гъэм Къуэжей Iумэтджэрий КПСС-м и обкомым промышленность псынщIэмрэ ерыскъы промышленностымкIэ и къудамэм и инструктору ягъэуващ, зы илъэс дэкIри Парт школ нэхъыщхьэм еджакIуэ ягъэкIуащ. Ар фIы дыдэу къиухзу къигъэзэжа нэужь, игъуэта щIэныгъэр зэрыщIэсэбэпу аргуэру ильэситхукIэ щылэжьащ зыпэрыкIауэ щыта �IэнатIэм.

1973 гъэм Къуэжей Iумэтджэрий республикэм и предприятэ - нэхъыжь дыдэм - Налшык лы-джэдкъаз комбинатым - и унафэщIу ягъэуващ икIи пенсэм кIуэху а �IэнатIэм пэрытащ. Къуэжей Iумэтджэрий унафэщIу щыщыта зэманым предприятэм нэрыльагъуу зиужьащ, абы лыуэ игъэхьэзырымрэ къыщIигъэкI продукцэм и лIэужьыгъуэхэмрэ хэхъуащ, апхуэдэу комбинатым къыщагъэсэбэп технологиер ирагъэфIэкIуащ, техникэр къагъащIэрэщIэжащ. А зэманым комбинатым лы тонн мин 200-м нэблагъэ ищэу щытащ. А псоми кьадэкIуэу лэжьакIуэхэм я Iуэхури хьарзынэу дэкIыр: абыхэм папщIэ псэупIэ унэхэр, общежитэр ящIырт, санаторэхэм, курортхэм зэрыкIуэну путевкэхэр хухахырт, сабий садхэр ирикъуу яIэт.

Къуэжьей Iумэтджэрий иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм хэкум пщIэшхуэ къыхуищIащ. Абы КЬБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и ЩIыхь тхьылъыр, КЬР-м и ЩIыхь тхьылъыр кратащ, «Урысей Федерацэм и ерыскъы промышленностым щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ льапIэр кьыкIащащ. Къуэжей Iумэтджэрий мызэ-мытIэу парт, къэрал орган зэмылIэужьыгъуэхэм хахащ. КПСС-м и обкомым хэтащ, ЦIыхубэ депутатхэм я Налшык кьалэ советым и депутату щытащ.

Iумэтджэрий цIыху кьабзэт, щабэт. Абы дэтхэнэри фIыуэ ильэгъут, нэхъыжьхэм пщIэ яхуищIырт, и благъэхэмрэ ныбжьэгъухэмрэ я гуаэрэ яуэлэрэ зыхищIыкIырт, и къуитым я дежкIэ зыхуэзбгъэдэн щымыIэ адэт.

Ди ныбжьэгъу нэхъыжь Къуэжей Iумэтджэрий Дыгэлы и къуэр дэ зэи дигу ихункъым.

КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэ.

• Аруан щIыналъэ

ПроектыщIэм и Iэужьыф1

«КЪБР-м экологие кьабзагъэ зыбгъэдэлъ и ерыскьыхъэр» фIэщыгъэм щIэт проектым яIуэ лэжьэн щыщIидзащ Аруан къуажэм щыщ зэкъуэшхуэ Тхьэкъуахъуэхэ Мухьэмэдрэ Ахьмэдэрэ я мэкъумэш-фермер хозяйствэм.

МЫБЫХЭМ нобэ пхъэщхьэмыщхьэрэ жьызму гектар 45-рэ яIэщ. Езыхэм кьагъэкIыжа жьыгъэр зэтельыхьа защIэщ, нобэ дэни кьыщагъэсэбэп химие препаратэр зрахьэIауэ зыри яхэткьым. Тхьэкъуахъуэ зэкъуэшхэм кьалэн зыщащIыжащ щхъэхъ зыльэмыIэса мыIэрысэ кьабзэхэр ди республикэм искэм Iэрагъэхьэну.

Зи гугъу тщIа проектыр мы хозяйствэм щыгъэлэжьэнымкIэ дэIэпыкъуэгъу кьахуэхъуащ Занилэ Амиран зи унафэщI «Центр органического земледелия» Iуэхущ1апIэр. Гъэнэхуныгъэ лэжьыгъэхэр щегъэкIуэкIыным хухаха гектар 1,5-м щыхасащ «Гольден Делишес Реэистен- мыIэрысэ лъэпкыр. Ар сыт хуэдэ узыфэмэ пэщIэтыфхэм ящыщу, ди щIыпIэрэ сыткIи езэгъуу кьыхахащ.

Гъэм и кIыхьагъкIэ жыгхэм я щытыкIэм кIэльыпIащ центрым и экологэр. ЩIыгъэпщэрхэм я пIэкIэ хозяйствэм кьыщагъэсэбэпащ хьэпщхупщхэмрэ узыфэхэмрэ жыгхэм езымыгъэкIуалIэ кьэкIыгъэ щIыхьэхэмрэ хьэпIащIэ хупсхэр зыцIыв лIэужьыгъэхэмрэ.

IэщагъэлIэхэм кьызэрыджаламкIэ, пэжщ, апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм кьыхэкIыу центнер 20 хуэдиз кьызэтрахьи хуейм щыщу 8-р яфIэкIуэдащ. Ауэ псом ящхьэр нобэ зыщIыпIи узыщIрмыхьэлIэ пхъэщхьэмыщхьэ кьабзэ кьызэрырахьэIарщ.

Тхьэкъуахъуэ Мухьэмэд кьызэрыхигъэщамкIэ, я мыIэрысэм трагъэкIуэдар кьыщIахьжьын папщIэ, дауи уасэр нэхъ ямыIэту хъуркьым, ауэ продукцэ кьабзэм щыужа щэхуакIуэхэм ари кьатехьэтъэркьым - ар зэбграх. Химикатыншэу кьагъэкIа пхъэщхьэмыщхьэр ди республикэм и супермаркетхэм мы махуэхэм кьыщIалъхьащ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

ЕхъулIэныгъэу кьалъытэ

Аруан районым и бэджэндырылажьэхэм кIэртIофыр Iуахыж.

МЫ ЗЭМАНЫМ ирихьэлIэу гектар 300-м щIигъу кьатIыжащ, зы гектарым хуэзэу центнер 185-м нэс кьытрахыу. Ар илъэс кIуам яIам нэхърэ процент 8,4-кIэ нэхьыбэщ. Иджыпстукъ кьрахьэлIэжьыну зыхунэса тонн мини 6-м нэблагъэр зэрахуэфIэкIкIэ занщIэу щIэныкьуэхэми гъэтIылъыпIэхэм щIалъхьэ, зэман дэкIмэ, уасэм зиIэтыным пэпльэу.

КъыщынэмыщIауэ, хадэхэкIыу гектари 100-м нэс кьрахьэлIащ. Зы гектарым хуэзэу кьикIащ центнер 200-м щIигъу. Бэджэндырылажьэхэм ар екъуIэныгъэу кьалытэ. Мэкъумэш �IэнатIэхэм иджыри Iуахыжьын хуейуэ хадэхэкIыу гектар мини 2-м щIигъу, хъарбызу - 47-рэ яIэщ.

Аруан районым мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ и управленэм щыгъуазэ дзэрищIамкIэ, гъавэхэкIэхэмкIи я Iуэхур нэхъ Iейкьым: хэгъэуэн поплъэ ерыскъыпхъэ нартыхуу гектар мини 10-м нэс.

ЛЪОСТЭН Музэ.

• Шэрэдж щIыналъэ

Лъэмыжхэр зэрагъэпэщыж

Тырныауз къалэм къыпэзыкIухь гъуэгум хуэзэу Бахъсэныпсым тельлъэмыжыр зэрагъэпэщыжащ.

ЛЭЖЬЫГЪЭР къезыхьэлIа «Кавказ Строй» компанием и ЕщIагъэлIхэм ЮфитIым Iут гъущI хъархэр кьагъэщIэрэщIэжащ, лъэмыжым зэпрыууэ тель плиткэхэр яхъуэжащ, зыхуей хуагъэзащ лъэсырызекIуэхэм я лъагъуэр.

Апхуэдэу лъэмыжым унэмысу къыщылъ бетон гъэжакэр екIуу ялащ, абдеж дыдэм гъуэгугъэлъагъуэ дамыгъэхэри щагъэувыжащ.

Зи гугъу тщIы гъуэгу Iыхьэм лъэмыжитI телъти, зыр 2012 гъэм ремонт ящIащ. Дяпэкlэ мы щIыпIэр зи кIуапIэхэр щIэгуэзэжьын щымыIэу, лэжьыгъэ псори тэмэму кьрахьэлIащ.

ЖАНОКЪУЭ Хьэутий.

• Лэскэн щIыналъэ

НэхъыфIхэм хабжэ

Ди республикэм къыщагъэкI хадзэкIкIэм зыхуей хуэзэу ялэжь промышленнэ IэнатIэхэм хабжэ Ерокъуэ дэт консерв заводыр.

КЪАБЗАГЪЭКIЭ езым хуэдэ куэдым ефIэкI Iуэхущ1апIэ зэпэщым щIэуэ ищхуащ кьыщIагъэкI фIэIуГъэхэм я хъуманIэ. Апхуэдэу хадзэкIкIэр щызэхадз линэщIэ игъэуващ.

Заводым иджыпсту ило екъулIэныгъэхэм ящыщщ цIыху куэд лэжьыгъэ IэнатIэкIэ кьызэрызэригъэпэщыжьмрэ абыхэм улахуэ хъарзынэ и чэзум зэраритыфымрэ. Лэжьакlуэхэр сменитIу зэблокI, дэтхэнэми цIыху 27-рэ щагъэлажьэу. Абыхэм я нэхъыбэр Ерокъуэ кьуажэм щыщхэщ, цIыху 20 Ташлы-Тала кьраш.

Мы зэманым нащэ кьыщIэчыным лэжьакIуэу 50 пэрытащ, абыхэм махуэм хуэзэу кьрахьэлIэ лэжьыгъэм пэкIуэ ахьшэр занщIэу иратыну Iэмал ягъуэт. Консерв заводыр лъэ быдзкIэ увыным къежьапIэ хэхъуащ зэлэжьыну хадзэхэкIхэр нэгъуэщI щIипIэхэм кьрашыным пэмыпльэу, езым игъэкI зэрыхъуар. IэнатIэм бэджэнду кьищтауэ нобэ щыи гектар 21-рэ кьегъэщIыпIащ.

КУШЫКУ Данэ.

• Прохладнэ щIыналъэ

Зэпеуэм фыкъыхыхьэ

Прохладнэ муниципальнэ куейм къыщыдзэIуахащ «Си щIыналъэ, фIыуэ узэоъагъу икIи узогъэтъапIэ!» зыфIащащ зэпеуэр, районыр илъэс пщIейрэ бгъуэр зэрырикъум и щIыхькIэ ирагъэкIуэкIыр.

ЗЭПЕУЭ Iыхьитlу зэхэтщ: «Литературэм щаIэ зэфIэкIыр», «Сурэтыщ1 гъуазджэ». Зэхьэзэхуэм я зэфIэкI щагъэунэхуфынущ инми щыкIуми. КьэпщытакIуэхэр хэпльэнущ щIыуэпсым и кьуеягъэр, лъэпкъхэм кьадекIуэкI хабзэ дахэхэр, зэныбжьэгъугъэр, районым и блэкIамрэ и нобэмрэ, и щIыху щэрыуэхэр кьызыхэщ гъэкьыгъэхэм.

Iуэхуэр кьызэрагъэпэщащ Прохладнэ район администрацэм щэнхабзэмкIэ, социальнэ политикэмрэ спортымкIэ, егъэджэныгъэмкIэ и управленэхэм, «Прохладненские известия» район газетым и редакцэм, Маяковский Владимир и цIэр зезыхьэ библиотекэм.

Зэпеуэр кьызэзыгъэпэщыгъэм я мурадщ щыхуэхэм я зэфIэкIым зрагъэуэжыну, щIэблэм хэкур фIыуэ яIэлъагъуу, лъэпкъ щэнхабзэм пщIэрэ гупьытэрэ хуащIу къагъэхьыну. «Ди гугъащ зэпеуэм и фIыгъэкIэ наIуэ къэхъуну зэфIэкI зиIэ усакIуэхэмрэ сурэтыщIхэмрэ, абыхэм я Iэзагъэм хагъэхьуэну», - жиIащ щэнхабзэмкIэ управленэм и къудамэм и унафэщI **Ступенковэ Ольгэ.**

Зэпеуэм фызэрыхэтыну лэжьыгъэр 2013 гъэм фокIадэм и 30 пщIондэ мы хэщIапIэм евгъэхь хьунущ: Прохладнэ кьалэ, Свободэ уэрам, 104, Маяковский Владимир и цIэр зезыхьэ библиотекэ.

ГЛАШКОВЭ Еленэ.

• Дзэлыкъуэ щIыналъэ

Зыхуей хуагъазэ

Дзэлыкъуэкьуажэрэ Белокаменскэ жылагъуэмрэ зэпызыщIэ гъуэгур зэрагъэпэщыжьыщ. Километр 15,4-рэ зи кIыхьагъ гъуэгум трагъэкIуэдэну ахьшэр республикэ бюджетым кьыхагъэкIынущ. Ухуэныгъэхэр пIалъэкIэ зэпыудауэ 2013 - 2014 гъэхэм кьрифыбдзэу екIуэкIынущ. Лэжьыгъэр къезыхьэлIэну организацэр кьыщыхахынущ куэд мыщIэу зэхэтыну аукцион зэIухам.

ДЗЭЛЫКЪУЭ район администрацэм промышленностымкIэ, транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и къудамэм и унафэщI Шыбзыхьуэ Ильяс щыгъуазэ дызэрищIамкIэ, мы Iуэхугъуэр хагъэхьащ «2013 гъэм кьриубыдэу КЪБР-м и гъуэгу хозяйствэхэм я лэжьыгъэр егъэфIэкIуэн» щIыналъэ программэм. Абы кьежьапIэ хуэхъуащ Дзэлыкъуэ куейр «экономикэ щIыпIэ щхьэхуэ» зыфIащащ икIи турист кIуапIэ щытын хуейхэм зэрыхагъэхьар. Зэрыгурыlуэгъуэщи, апхуэдэ щIыналъэхэм псом япэу гъуэгуэр щызэрагъэпэщыжьыпхъэу кьагъэув.

ПАПШУ Дарихьан.

Щыхубэм ди зэхуэдэ тхьэмыщкIагъэ

«Терроризмэр Урысейм и лъэпкъ щынагъуэщIагъэр къызэрызыгуэ Iуэхугъуэщо фIэщыгъэм щIэту Мэй районым щекIуэкIащ «СтIол хьурей» мардэм тет зэпсэльэныгъэхэр.

АБЫ и кьалэн нэхъыщхьэу щытар кьыдэкIуэтей щIэблэр дунейр зыгъэгулэз террорызмрэ щIэпхъаджагъэмрэ щыхьума хьун папщIэ абыхэм ядегъэкIуэкIын хуей гъэсэныгъэ лэжьыгъэхэрщ.

ЩIыпIэ администрацэм щэнхабзэмкIэ и къудамэм и унафэщI Бездудная Ольга зэхуэсым хэтхэр щыгъуазэ ищIащ ди къэкIуэнур зей щалэрэгъуалэр гъэзгу тэмэм тегъэзвэным ехьэлIауэ мы зэманым ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэм. Ахэр кьаIэ щымыIэу хуэунэтIащ ныбжьыщIэхэм яку дэлъын хуей мамырыгъэм, зэныбжьэгъуныгъэм, льэпкъ зэгурыIуэныгъэм.

«СтIол хьурейм» хэта ныбжьыщIэхэр терроризмэр экстремизмэмрэ хуаIэ щытыкIэмрэ зыгъэпIейтей Iуэху епльыкIэмкIэ зэдэгугъэщащ.

ЗэIущIэр кьызэрагъэпэщащ районым щэнхабзэмкIэ и къудамэмрэ щIыналъэ тхьылъ хъумапIэмрэ я лэжьакIуэхэм.

Iуэхур кьащIалъыну кьрагъэблагъащ балигъ мыхьуэхэм ядолъжьнымкIэ комиссэм и лIыкIуэхэр, дин лэжьакIуэхэр прогимназие №1-м и класс нэхъыжьхэм щеджэхэр, Хьэмдэхъуэ и цIэр зезыхьэ мэкъумэш промышленнэ лицейм и студентхэр.

АРУАН Залинэ.

• Мэй щIыналъэ

КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэ.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ

Бжыгъэхэм дыхоплъэ

Япэ илъэсныкъуэм улахуэхэм нэхъ тлагъу зышIэтэщ Дагъыстэным - нэгъабэ и апхуэдэ зэманым елъытауэ процент 15,2-кIэ. Ауэ абы къикIырыкъым мыбы щыпсэуэр нэхъ къуедилуэу.

● Псэукlэ

ЛЭЖЬАПIЩIЭР инкъым: зы мазэм сом мин 16,24-рэщ зэрыхъыр. МордовиемкI ещыщэлэжьыр апхуэдизщ. Ар зыхьлхэ Приволжскэ федеральнэ округым абы и лъэныкъуэкIэ бжьыпэр щызыIыгъыр Тэтэрыщ - абы кIуры улахуэр щынэбгъэгъащ сом мин 25-м. Ауэ Мордовиер а зэрыпричам тетмэ, абы пъэщIыхьэфынущ.

Урысейм Статистикэмкlэ и къэрал комитетым къытрыригъэзащ 2013 гъэм и апэ илъэс ныкъуэм Урысей Федерацыэм и щыналъэхэм псэунымрэ зэрыгъэпсыкIыжыкIэ и Iуэху зыIутыр къэзыгъэльагъэ бжыгъэхэр. Абыхэм кIыдагъащIэ нэхъапэми хуэдэу Чукоткэм улахуэхэр зэрыщынэхъ инщ - сом мин 67,7-м щыщIегъу.

АрщхьэкIэ псори зэпытар абы и закъуэкъым. Куэд тещIыхьащI щынаIуэ инфляцэр, ерыскъыкъэхIэм я уасэхэр, Iэнатlэнщагъэр, псэупIэу яухуэр зыхуэдизым, щыналъэм сабийуэ кIыщащхъуэм и бжыгъэм. Мыбдеж зэуэ тельыдджэ дыщыIууащI Илъэс куэд дэкIа нужь ящэ дыдэр Къэкъыпль Жьыжьэ федеральнэ округым езыр-езыру щыIых 1730-рэ кIыхьэхъуащ. Зэвгъэпщэн папщIэ: нэгъабэ и апхуэдэ зэманым щынаIуэм и щыхуэхэр 696-кIэ, илъэсиц инэжкIэ 5200-м щIигъэкIэ нэхъ мащIэ щыхъуат. Округым сабийуэ кIыщащхъуэр нэхъыбэ, щIыхуу щыIэр нэхъ мащIэ щохьу. Пэжу, ар дыдэр хужыпIэ хуэщIу къэрал псом. Щыхъ бжыгъэм щыхохьэу Сыбырым, Уралым икIи, даун, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округыр.

Сабийуэ къаIуэр процент 3-м щIигъэкIэ нэхъыбэ щыхъуащ Тэтэрстан, Къэрэшей-Шэрджэс, Осетие Ищхъэрэ-Алание республикэхэм, Хабаровск крайм, Калининград, Самарэ, Сахалин областхэм, Санкт-Петербург, Ненец автоном округым.

ЩIналъэхьым - Саха-Якутие, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм, Амур, Магаданэ областхэм, Еврей автоном областым, апхуэдизу Чукоткэ автоном округым цIыхуу щыIэр процентэ 6-м щигъэкIэ нэхъ мащIэ хъуащ.

Демографкэм къаIытэ а зэхъуэкIыныгъэфIхэр сабийуэ нэхъыбэ къаIухуным егъэгушхуэным, бын щапI унагъуэхэм зыщIэгъэкъуэным теухуауэ ирагъэкIуэкI къэрал политикэм и Iуэжьу. Абы щыгъуэми сабий нэхъыбэ кIыщалъхур къуажэхэрщ.

Апхуэдэ щытыкIэм зихъуэжьыркъым. Псалъэм и хьэтырыкI, бадзэуэгъуэм дунейм кьытехьащ щIалэ цIыкIуэхэр, хьыджэбз цIыкIуэхэр минии 181,9-рэ - 2012 гъэм и бадзэуэгъуэм елытауэ процент 8,4-кIэ нэхъыбэ.

Инфляцэм и гугъу щIыIэм, илъэс ныкъуэм къэралым ику иту уасэхэр процентиц 3,4-кIэ щыщIэкIуеящ. Ауэ Ищхъэ федеральнэ округым ар процент 4,1-м щынэсащ. Абы и лъэныкъуэкIэ округым и мызакъуэу къэралым бжьыпэр щыубыдащ уасэхэр илъэс мардэм нэхърэ процентти 6,6-кIэ нэхъыбэу щыдэуеи Къаблмыкъ Республикэм. Уасэхэм нэхъ хуэму зыщащэтащ Урал федеральнэ округым - илъэс ныкъуэм процентти 3-кIэ. Инфляцэр Ингушым процент 0,9-м кьыщцыуыбащ, Ненец АО-м процент 1,8-м, Челябинск областым процент 1,9-м щыофIэкIаящ.

Идджырей зыужьыныгъэмкIэ институтым и лэжьакIуэ Масленников Никитэ зэрыжиIэкI, инфляцэр зыхуагъэфэщащ тетынущ - процентти 6-м нэблэгъэнущ е абы зы мащIэкIэ щIигъэнущ. Уасэхэр пIэ итщ, кIыхьегъащхьэхуKI ящIагъэпIым. Брысыкъэхьэр куэдкIэ нэхъ гъаIпэ хъунукъым. Гъавэр нэгъабэ елъытауэ тонн мелуан 15-16-кIэ зэрынэхъыбэнум щэч гуэри хэпъкъым. Апхуэдизу щыщыткIэ, Iусыр Iэщми джэдкъазми ярипхъунущ.

Мы гъэм экономикэм щIагъэуз зиужьакъым. Ауэ щытыкIэр узыгъэгужьейкъым. Щыщхъэуфум кIынгъэтьегъуащ экономикэм зэрыпизужь псынщIагъэм хагъэхъуэн папщIэ Iэмалхэр зэрыщыIэр, жеIэ Iэщ1агъэтIым.

КУКОЛ Еленэ.
«Российская газета»

● Сирие

Лъыгъажэр къызыхэкIа щхьэусыгъуитху

Мы къэралым щекIуэкI граждан зауэм шэуэ щрагъэкIам нэхърэ нэхъыбэ пщIыуэ трахьыльащ. ЛъэныкъуитIыми. АтIэ сыт ар къызыхэкIар? А упщIэм жуаеи естым мурадкIэ сэ а жыхьэнмэм сыщыIащ...

Япэ щхьэусыгъуэ:
Сыдрейсызыгъэ

Сирием и къалащхьэм щесэжащ лагъым кьуаIуэхэм, шэфий мафхъэм я Iуэгъауэхэм. Дамаск и кум псори щымамырщ, арщхьэкIэ щыхьэрым и гъунэхэм ужIуэнир псэупIытхьэпIэщ. Мис а щIыпIэкъым ужIуэнир псэупIэ уэз быIуэбышэхэр. Идджы ахэр я хэщапIэщ боевикхэм. Мы зэманым екIуэкI зауэр кьызытехьеикIа щхьэусыгъуэхэм ящыщщ а унэхэрщ.

- Илъэс 15 ипэкIэ правительствэм уэз хущхьуэхэр кьыщыкI хъупIэхэм Iэщ щагъэхъуну бедуинхэр хуит зымыщ1 унафэ кьыдигъэкIащ, - жеIэ Сирием и сату палатэм хэт Аль-Ахьмэд Алий. Апхуэдэ щыпIэхэр куэдтэкьым, ауэ кьулыкъущIэхэм ирагъэлеящ: унафэм щы нэхьыбэ кьызыщIрагъэубыдащ. Бедуинхэр сыт щыIуэри псэуащ Iэпхьуэшапхьуэу. Ауэ хьупIэхэр щыIахьм, кьаIэхэмкIэ зыкьагъэзащ. Уиз гъэмэбэрэщхэр кьаIэ гъунэхэм щауэхуэрэ зэкIэ кьулейсызхэр кьызэрагъэпэщащ.

АрщхьэкIэ ар Африкэм щызекIуэ кьулейсызыгъэм зыкIи ещхькъым. Экономикэм и школ нэхъыщхьэм кьуэкIыпIэ кьэралхэмкIэ и кьудамэм щезыгъаджэ Чупригин Андрей кьыхегъэщхьэхуэкI зауэм и пэкIэ мэжалIэ Сириемрэ зэрыщымыIар:

- Сириемрэ иIэт кьаиз щымыIэу псори зэрикьуну ерыскъыкъэкIхэр. Промышленностыр нэхъыбэу дзэ Iэхуэхэм хуэлажьэрт. Промышленность псынщIэ иIэт. Щыдагъэмэ ахьшэ кьыщIихьырт. Апхуэдизу валютэм и проценти 10-р кьабгъэдэкIырт Сирием и щIыхуэхэр зэрыкьуну къэралым щылажьэхэм. Араущи, гражданзауэм щыщIидза 2011 гъэм екIуэда пэжгъэр мэжалIэхэмрэ пщIыIэхэмрэ я зыкъэзIэтыныгъэтэкъым. Кьулейсызхэр мащIэт. АрщхьэкIэ Аль-Ахьмэд Алий кьельытэ мис апхуэдэхэраущ псори зыгъэуатхуар.

Етlуанэ щхьэусыгъуэ:
Щхьэхуитныгъэ

2011 гъэм екIуэкIа пэкIухэм хэтахэр Дамаск кьыщыбгъэтынныр зы мащIэкIэ нэхъ тынщ, Мухуэмд Снуоден кьыщыбгъэтынт нэхърэ.

- Дэ зэхъуэкIыныгъэхэм дыщIэхъуэпсыпт, - жеIэ абыхэм хэтахэм ящыщ щыхубзым. - Нэхъ хуиту дыщыгъэну дыкъуэт. Ауэ зэрыкуэдкъэхъуну ди пщыIхьэпIэ кьыхэхуакьым. Дыхуейтэкъым паранджа кьытщатIэгъэну, курыт IэщIыгъуэхэм дыхащIэжьыну. Дыхьэшхэн кьыпщыхьунущ, ауэ дэ мы зэманым Асад дыкъуэтщ. Абырэ дзэмрэщ дэ терроризмэм дыщызыхьуэмэр.

Асад Башар 2000 гъэм президент хуэщ, илъэс 29-кIэ къэралым унафэ хуэзыщIа и адэр а кьулыкъым щызэрихьэкIри, реформэ куэдыкIей зэхихублащ. Кьиргъэгугъащ 1963 гъэ льандзэрэ къэралыр зэрыт щытыкIэ ткIийр икьу. Iуэгъэм ар кьехъулакъым. Сирием зэфIэкIыщхъэ щызIэ дзэзешэхэм кьыщэпаудащ. Арати, Асад реформэхэр кьызэтригъэувыIэн хуей хъуащ. ЩытыкIэ ткIийм и къизэр абы икьутэжащ 2011 гъэм пэкIухэр зэхаубла иужь. Ауэ кIасэ хьуат.

Асад Башар куэд хуэзэфIэкIащ. Бань IухуэмкIэ хабзэ кьыдигъэкIащ. Зауэм ипэкIэ хамэ кьэралхэм кьабгъэдэкI инвестицэхэм хэхьуат щIэн Iууни ямыIэу. Ауэ реформэхэр тегъэщIапIэ ящIми, Асад зыщигъэгъупщэртэкъым кьэрал лэжьакIуэхэмрэ дзэм щыщхэмрэ. Ахэр кьэралым щыпсэухэм я зэхуэдитIым нэблэгъэт. Президентыр хуейт кьыкьуэтыныухэм. Асад бадзэхэм я улахуэхэмрэ пенсэхэмрэ кьиIэтащ.

АрщхьэкIэ... игъэкIуэтащ зэхъуэкIыныгъэ ихьэхэнрэ щрагъэкIэжкIыну лъэхъэнрэ. Кьыгурыуагъэжуасым зэманыр кьыдзэремыкьэр. КьуэхъпIэм щIидзат. КьуэжьпIэ Гъунэгъум и теплъэр ириIэу. Ираким ижькIэ Сирием кьэльатэрт «къэрал гъатхэм» и кьуарГъ фIыщIэхэр. Аз европейхэм зэуэду Iуэхуэхэр псынщIэу зэфIигъэжьын хуейт КьэкIыпIэм зэрыщыкIабзэу зэримыльэфыхьу.

Ещанэ щхьэусыгъуэ:
Дин

Си хьэщIэщым и унащхьэм уэтетмэ, куэд болагъу: зэхэуэхэр щекIуэкI Аль-Кабун щхьэщыт Iугъуэ фIыцIэр, мэжджытхэмрэ члисэхэмрэ Iуву щызэхэхт хьэбгъэхэр. Сирием льэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэр, дин зыхуэмыдэхэр зыIыгъ щыхуэхэр щопсэу. Ахэр зэбгъэзэрэ папщIэ щыIэныгъэ ухуейщ. Къэралым и щыхуэхэр абы еслащ.

- Сэ сычристэнщ, - кьыжеIэ псэльэгъу схуэхьуа сержант нэхъыжьым. - Мы кьызбгъэдэтыр суннитщ. Модрейр шиитщ. ПIейи дэ щIри дыззэгъусэу дапэщIэтщ зи акъылым икIа делэхэм.

Омейядхэм я мэжджытым щахъумэу жаIэ Иоанн щхъэ льапIэм и щхьэр, мы щIыпIэм итащ Юпитер и чэщанэр. Члисэхэмрэ мэжджытхэмрэ щыззэбгъурытым, дин зэмыщхьэхэр зыбгъэхэр щыIэпсэу зыгнагъуэр щызэгурыIуэм деж фIыкъэ?

Ауэ псори апхуэдэу тынщкым. Суннитхэр Сирием щыпсэухэм я Iыхьэ щанитI мэхъу. Шиитхэр мащIэкъым. Процентти 10-р чристэнщ, процент 12-р алавитхэщ - шиитхэм я кьудамэщ.

Идджырей президентым и адэ Асад Хьэфиз и дек кьыщежьащ алавитхэм я тетыгъуэр. Ар хущIэкъуащ Сириемрэ алавитхэр Ливаным, Ираным, Иракым щыщ шиитхэм якьуигъуэвэну.

Ахэр зэрыгъэрыIыгъэр зэи ягу техуэу щытакъым суннитхэм я льлаэ Сауд Хьэрыпмрэ Катаркъм, - жеIэ Урысейм ЩынигъэхэмкIэ и академием КъуэкIыпIэ IэрэалхэмкIэ и институтым щылажьэ Сотников Владимир. - Ахэр зэрыгъэгъэщIащ. Бань IухуэмкIэ хабзэ кьыдигъэкIащ. Зауэм ипэкIэ хамэ кьэралхэм кьабгъэдэкI инвестицэхэм хэхьуат щIэн Iууни ямыIэу. Ауэ реформэхэр тегъэщIапIэ ящIми, Асад зыщигъэгъупщэртэкъым кьэрал лэжьакIуэхэмрэ дзэм щыщхэмрэ. Ахэр кьэралым щыпсэухэм я зэхуэдитIым нэблэгъэт. Президентыр хуейт кьыкьуэтыныухэм. Асад бадзэхэм я улахуэхэмрэ пенсэхэмрэ кьиIэтащ.

АрщхьэкIэ... игъэкIуэтащ зэхъуэкIыныгъэ ихьэхэнрэ щрагъэкIэжкIыну лъэхъэнрэ. Кьыгурыуагъэжуасым зэманыр кьыдзэремыкьэр. КьуэхъпIэм щIидзат. КьуэжьпIэ Гъунэгъум и теплъэр ириIэу. Ираким ижькIэ Сирием кьэльатэрт «къэрал гъатхэм» и кьуарГъ фIыщIэхэр. Аз европейхэм зэуэду Iуэхуэхэр псынщIэу зэфIигъэжьын хуейт КьэкIыпIэм зэрыщыкIабзэу зэримыльэфыхьу.

Етlуанэ щхьэусыгъуэ:
Терроризм

Цыхубзэм зыкъыIэта хуэдэу ягъэхъыбар псори зэрыщыгъэр кьыбгуроуэ дунейм и щIыпIэ псоми икIа терористхэр опозицэм и кьаруэхэм зэрахьыхьэр щыплъагъуэкIэ. Абыхэм яхэтщ Европэми, Кавказми, Азие Курыптми икIахэр. Ахэр Ливием щызэуащ, абы икIри Мысырым кIуащ, иджы Сириер хэщIапIэ ящIащ. Сэ, хьапщтэмэ, лъэхъущьи сащепсэльащ Сирием щызэуэну кIуа тыркуменхэм. Я Iуэху кьимыкIмэ, абыхэм тынщу ябгынэ щызауэ кьэралыр. Идджыпсту апхуэдэ зэманщ. Правительствэм и дзэхэр щыпIэ псоми щобгъэрыкIуе. Кьалэхэмрэ кьуажэхэмрэ хуит мэхъуж. Политолог Аль-Матруд Хималедэ кьельытэ химие Iэщым егъэщIа-пIа Iуэхур абы кьыхэжьыу кьэхеяуэ: Кьухьэпlэм кьыгурыIуащ оппозицэр Сирием зэрыщытемыкIынур.

- Кьухьэпlэм кьыгурыIуа хуэдэщ «джихьэдым» хэт «ныбжьэгъухэм» Европэм е кьыкIуэт кьэралу гуэркэм ягъэзэжмэ, псори блъых зэрыхэжуэнур. ИтIанэ Кьуэжьпlэ Гъунэгъур зыми кьыкIэIуэхужьныкъым, - жеIэ Антилоблаист зэщIэхъеенигъэм и президент Йонов Александр.

Сэ сызэпсэльа гъэрхэм жаIэм тепщIыхьмэ, боевикхэм я мазэ улахуэр долларми 5-м нос. Сирием щызекIуэ кьэрыкъуэ лэжьащIэр зэрыхъур доллари 150 - 200-рэщ. Боевикхэм я мурадщ Сириемиужьклэ Урысейм, Европэм кьэкIуэну. Ар жаIэ СириемиполитикэмкI. АбыкIэ дагъэшынэу ара? Хэмэрэ апхуэдэ щынагъуэ ипэжыпIэкIэ щыIэ? А упщIэжм я жуаепхэр дымыщIэмэ нэхъыфIщ.

Етхуанэ щхьэусыгъуэ:
Щыдагъэрэ ахъшэрэ

Сириемрэ псоми я фIэщ щохьу кьеэзауэр США-р арауэ.

- Ар Москвар Вашингтонрэ яку кьыдэхъуа кьаугъэщ, - жеIэ политолог Аль-Матруд Алий. - А зэпэщIэтыныгъэм щытекIуэм и жьауэм щIэувэнущ Кьуэжьпlэ Гъунэгъу псор.

АрщхьэкIэ Динымрэ политикэмкIэ институтым и Iэтащхьэ Игнатенко Александр Iуэхум нэгъуэщIу йопль.

- Сирием щызауэ терроризм гупхэр зэхэзышар Катаркъмрэ Сауд Хьэрыпымрэщ. Ахэращ абыхэм ахъшэ я езытыр. Пыми зауэр эхъабгащ кьаIэрыуэ щымыIэу щыдагъэ бжьамийр тенджыз Пльыжьымрэ Суэцкэ кIэнауэмрэ зэпрашьфыпапщIэ.

Мы хьыбарыр пэжкъэ пщыIэ зыиг щыхьэт техъуакъым. Ауэ сауд принц Бандар Урысейм кьыгъэгугъуэ жаIэ Сириемдэмыlэпыкьымэ, щыдагъэ пуду кьрищэну. Абы щыгъуэми, Бандар щIигъужащ Урысеймэ ар имыдзэмэ, Сочи щекIуэкIыну Олимпиадэм террорист щIэпхьаджагъэхэр кьыщымыхьункIэ Сауд Хьэрыпыр щэсыпIэ имыувэфынущ.

Езы Сириемиз хьэлэмэт кьыщоихьу. Щыдагъэ кьыщIэщыпIэкIэр яубыд бедуинхэм. Абыхэм щыдагъэхэкIэр ираущ зыкъэзыIэтахэм властэмэ. ПолитикэмкI кьалъыгъэ ар кьэралыр зэрызэхощащ и апэ нэщэнэу: щынагъуэ щыIэщ Сириер Ливием кьэралыр Iыхьэ-Iыхьэу зэкIащIэтхьынкIэ.

Ауэ зэкIэ гъашIэр йокIуэкI. Сабийхэр мэджэгу, дыгъэр кьопс. Лыгъажэм кIэ игъуэтамэ, псори и пIэ нувэжьнут. АрщхьэкIэ сыт хуэдэу щытыну а «и пIэр?»

БЕРОЕВЭ Нигинэ.
«Комсомольская правда»

● Хэхьныгъэхэр

КъулыкъущIэр хилъэфакъым

Петрозаводск къалэм и мэр Левин Николай хэхьныгъэхэм щытекIуатэкъыми, и къулыкъум текIыи хуей хъуащ. АрщхьэкIэ хилъэфащауи пхужыIуэнукъым: абы ратынущ сом мелуан 1,4-р. Ахъшэ дагъэунафэ кьаущащ Петрозаводскэ и депутатхэм. Щыхубзм и лыкIуэ 25-м ящыщу 16-р абы и телъхьэу къуваущ.

-МЫПХУЭДЭ пщалъэ егъэуи хабзэм. ЦIыхум хабзэмкIэ хуагъэфащэр зэуэ ептмэ нэхъыфIщ судкIэ птрих нэхъэ, - жиIащ Петрособетым и Iэтащхьэ Фокин Олег.

Ар захуэщ. Апхуэдэ хабзэр щIэгъэбыдащ кьалэм и уставымкIэ. Абы ипкъиткIэ муниципальнэ къулыкъу зыIыгъхэм ахъшэ ират текIа иужь. Ар ику иту мазэм кьилъхьу щытам нэхърэ хуэдипщIым щIиГъуКIэ нэхъыбэм хуейкъым.

Петрозаводск и цIыхухэр мы Iуэхум зэщхьу бгъэдыхьэркъым. Зыгуэрхэм жаIэ хабзэм къыщигъэувкIэ етын хуейуэ. Ауэ апхуэдэхэр мащIэщ. Псалъэм и хъыгъркIэ, дохутыр Гоккоевэ Иринэ «РГ»-м и лэжьакIуэм кьыжриIащ ар ахъшэшхуэIуэу. Ахъшэкъуэхэм апхуэдизу - зы пэщхьу фэтэрым и уасэ - илъэс псокIэ кьахуэлэжьыркъым.

Кьалэ Iэтащхьэ щытар ягъэкъуанщэ илъэс куэдкIэ зэтрихьа кьалэнхэр зэрызэфIимыхьфамкIэ: гъуэгуэр, лъэмыжхэр хьэлэчщ. Абы щыгъуэми кьалэм и кум тхыдэ мыхьэнэ зиIэ унэр ирахащ, жыг хадэм и пIэм автомобиль гъэувыпIэ щащухущ, ар зэрамыдэр цIыху куэдым жаIа пэтми.

-Апхуэдизу ахъшэ абы хуэфащэкъым. Мэрым кьылэр хуэзыкъым, - апхуэдэу йогупсыс Петрозаводск щыпсэуэхэр икIи депутатхэм хуагъэув кьалэм и уставыр зэрахъэжьIыну.

ЦЫГАНКОВЭ Светланэ.
«Российская газета»

● Дэнэ сыт къыщыхъуа?

ПцIыIуэпцIыщхэр къаумыс

Болгарием щыщ Хасковэ къалэм щыIэщ Сирием зи щхьэр къызыхаэжм увыIэпIэ щрата хэщIапIэ. Аэр я бжыгъэкIэ щыхъ 300-м ноблагъэ.

ИУЖЬРЕЙ махуэхэм абыхэм щыпы бжыгъэкIэ нэгъуэщIхэри кьахьыхьэу щIадзащ. Iэхьапэм а къэралыр зыбгъынаэр кьэIэпхъуагъащIэхэм «дауэ щыт ди Хэкур?», - жаIэу щецупIкIэ, мыдрейхэм жуаеи ямыту пльэныкъуэ зэрызрагъэзынум иужь итт. Ар кьызыхьэрэ гурыуагъуэщ - щIыхь кьахьыхьаэм хьэрыпыбзэм щыщу зы псалъи ящIэртэкъым. ЩIхьэусыгъуэр кьызэрыгуэкIт: ахэр Сириемщыщтэкъым, атIэ щIыпIэ щыджанхэт. Сирием и щIыхуэм ядэIэпыкъуным теухуа программэ Европеймкъым зэрыгъэтхьар зыщIэ хьилэщIыхэм мурад ящIащ нэгъуэщIэм я хьэкъкIэ, зэрыжаIэщи, загъэттхъэжьну, зауэм кьыхэкIаэм хуащIэм хуэдэ езыхэсми зыхурагъэщIэну. Кьапщтэмэ, СириемкьикIафауэ Хасковэ щыпсэу дэтхэнэри пщIэнпIэу ягъэщхэн, тепIэн-щIэлъпыкIэ зыхуей хуагъэзен, еврэ 185-р иратын хуейт.

АрщхьэкIэ Iуэхур псынщIэу кьызэтещхъащ - пцIыIуэпцIыщхэр кьаумысащ. УкIытхэзу фи гугъэ? ДыщIанэжм загъэуащ ифIэщу. Ахэр мэдалъэ пIэпкъ зэхэгъэзэ зэращIым папщIэ кьулыкъущIэхэр судым иратыну.

ХОДЖКИН Александр.
«Комсомольская правда»

● Урысей - Украинэ

Путин Владимир Киев щыIащ Урысейм чристэн диныр къызэриштэрэ илъэс 1025-рэ зэрырикъуем егъэщIыIа Iуэхухэм хэтын папщIэ. УФ-м и Iэтащхьэм къыхуриджащ къэралитIыр зэныбжьэгъуну. Ауэ абыхэм зэныбжьэгъугъэ куу жу дэльныкъым я экономикэ зэпыщIэныгъэхэр зэтес ямыщIу - ар къыхигъащащ хьэщIэм.

НапжкIуэцIыр зыгъэхъэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

● Дагъыстэн

Апхуэдэ къэмыхъужьын щхьэкIэ

Дагъыстэным Iуэхушхэу щызэфIагъэкIащ уней хъумакIуэ Iуэхущ1апIэхэм кьулыкъукIэ кьагъэсэбэп Iэщэр кьеIыжьыным хуэгъэзауэ. Полицейхэм кьапщIыщтащ а Iуэхущ1апIэхэм я лэжьакIуэхэм Iэщэ зэрызэрахьэ щыкIэр. Республикэм щыIэ апхуэдэ Iуэхущ1апIэ 70-м щыщу 30-р Iэщэншэу кьэнащ. Мы Iуэхуфабэкъым. Щыгъуэми щыIэ Iэщэншэу Волгоград и деж щыубыдащ. Пуми МР-71 кIэрахьэу, шэ 32-рэ, Мэхъэчкьалэ и уней хъумакIуэ Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэм и тхыльхэр яIыгът.

- Хабзэр кьызэпауду кьыщIэкIащ уней хъумакIуэ Iуэхущ1апIэм щIи-гъуэм. Iэщэ мин 1,2-рэ кьытрахащ, - къет Урысейм и МВД-м и пресс-Iуэхущ1апIэм.

А Iуэхущ1апIэхэм Iэщэр сакъыу щызэрахьэртэкъым. Ахэр щыпIэ щхьэхуэм щахъумэн е сейфым дэлъын хуейщ. Нэхъ мыхъумыщIагъэ дыдэр Iэщэр «зэрыраГъэфIакIуэрщ»: щиПщI зэрыкуэ зыихъумэхэм хабзэкIэ яIыгъ хуэнукъым Iэщэ гуэри.

Кьэпщытэныгъэхэм я Iэужьщ Дагъыстэнымкlэ МВД-м лицензэ зыт, Iэщэ зэрахьэну хуит зыщI и хуэдизмэ щыщ кьулыкъущIущ и Iэнатlэхэм зэрыIуагъэкIар.

Iэщэхэр зыIаха уней хъумакIуэ Iуэхущ1апIэхэм ящыщ зыи и унафэщI Абдулхаликов Дибир жеIэ щIыху куэд лэжьыгъэншэу кьэнэну.

-Хэт хуей хъумакIуэ Iэщэншэ?! Зыбрычэтыщ1эхэм я нэхъыбэм дэ дыкъыщIагъэсэбэпыр Iэщэкlэ зэщIэхуэда хъумакIуэхэр зэраIэмкlэ загъэпIиин щхьэкIэт.

Урысейм и МВД-м къызэритамкIэ, 2012 гъэм Дагъыстэным щIэпхьаджагъэ 607-рэ щызэхащIыхьащ Iэщэ къагъэсэбэпу.

ДАГИЕВ Ахьмэд.
«Российская газета»

«Къулъкъужыным и саугъэтышхуэр» - хэгъэрейхэм

● Шыгъажэ

Ди республикэм и щІыхуэхэри, къарагъэблэгъа хьэщІэхэри я гуапэу, гукъыдэж яІэу ешІэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъыдащІэм Іуэху дахэу хьхьэну зэпеуэм - «Къулькъужыным и джабэ зэщбыр»-кІэ зэджэ щІыпІэ гъуэгуанэм фокІадэм и 15-м щекІуэкІа шыгъажэшхуэм. Ар къызэригъэпэщащ Шы зыгъэхьуэхэмрэ адыгэш лъэпкъыр фІыуэ зыльагъуэмрэ я урысейпсо зэгухьэныгъэм. Абы и правленэм и унафэщІ Кумыщ Мухьэрбий зэхуэсахэр хигъэгъуэзащ ассоциацэм и къалэнхэмрэ я лэжьыгъэр зэраунэтІыну щІыкІэмр.

-ДИ ГУМ къыбгъэдэкІыу фІэхъусым я нэхъ льапІэмкІэ дыныфпожьэ нобрей зэпеуэр дзэзыІыгъыну къытгуфІуа псоми. Дэ къыдольытэ «Къулькъужыным и саугъэтышхуэ» зэфІэтща зэхьэзэхуэр зи нэгу щІэкІынухэм ар Іэфіу я гум кьинэжьыну, мы щІэдзапІэ дахэм ди республикэм гъунэ угъурлы щрильауэ къыщІэкІыну. МурадыфІхэр ди пльапІэщ: Кавказым и курых дыдэм ис Къэбэрдей-Балъкъэрым адыгэш лъэпкъ къабзэхэр щызэтегъэувэжыным ди къарур етхьэлІэнуц. Абы папщІэ мы щІыпІэр сыт и лъэныкъуэкІи къэдгъэсэбэпынуц. Иджы махуэ къэс мыбдеж адыгэшхэм я зыужьыкІэм щыкІэльыплъынуц, ахэр щагъэсэнуц, зэпеуэхэм щыхуагъэхьэзырынуц. Къуажэ, район администрацхэм я унафэщІхэм ди мурадыр къыддаІыгъ. Абы и фІыгъэкІэ, республикэм и дэнэ щІыпІи щыщу адыгэш лъэпкъым зезыгъэужьыну зи гурыльхэм ильэх хьурейм кьриубыдэу мы щІыпІэр къагъэсэбэп хьунущ, - къинэлъэгъуащ ассоциацэм и правленэм и тхьэмадэ Кумыщ Мухьэрбий.- Адыгэшым пыщІа зэгухьэныгъэхэр къэралыблым щыІэщ. Ди ассоциацэр къызэдгъэпэщыну дыхунэса къудейт Франджымрэ Германиемрэ щыІэ апхуэдэ организацэхэм зыкъыщытпашІам. Франджым адыгэшхэмкІэ и ассоциацэм и президентыр иджыблагъэ ди республикэм къэкІуащ, ищэхун мурадкІэ шы тІощІырыпщІ хуэдиз кьыхихащ. Нобэрей зэпеуэм кьрихьэлІащ Германием щыщу шы Іуэхум фІыуэ хэзыщІыкІ ІэщІагъэлІ. Дэ жыджэру дадолажьэ Шы гъэхъунымкІэ урысейпсо институтым, КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ и щІэныгъ - къэхутакІуэ институтым, нэгъуэщІхэми. КІэухыу ди мурадыр зытещІыхьар «Адыгэш лъэпкъ къабзэхэр къэзыгъэхьуэм я дунейпсо ассоциац» къызэдгъэпэщу, Іуэхур ипэкІэ гъэкІуэтэнырц.

Зэпеуэм щІидзэн и пэ кьыхуэу къызэгъэпэщакІуэхэмрэ зэхуэсахэмрэ хьэхьу псалъэкІэ зыхуагъэзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я Зэзыгъэуіу советым и тхьэмадэ Кьалмыкъ Жылэбий, Бахьсэн район администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ Къаздэхьу Олег, сурэтыщІ цІэрыІуэ КІыщ Мухьэдин, нэгъуэщІхэми.

- Нобэ Іуэху дахэ кьыдэфхащи, Тхьэм псоми фІы кьытхудигъакІуэ, угъурлы тхуищІ. Адыгэшыр нэхьыфІ дыдэхэм ящыщщ, ильэс мин бжыгъэ хьуауэ кьыддогъэгурыкІуэ. Абы иІэ ефІэкІыныгъэхэр кьыхэкІащ егупсу зэрыгэрахьэм, нэхьыфІхэр, нэхь лъэщхэр, бэшэчхэр кьыхахыурэ я нэІэ тет зэпыту зэрагъэбэгъуам. Кьапщтэмэ, адыгэхэм шыр дунейм и сыт хуэдэ щытыкІэми кьагъэсэбэпырт, гъэзугуанэ гугъум кьащикІуэхьыфу ирагъасэрт. Тесым и лІыгъэр абы и зэфІэкІым куэдкІэ ельытат. Арагъэнщ «ШыфІ зиІэм дамэ тетщ» щІыжаІэгъар. Іуэхуфі кьефхьэжьащи, Тхьэм фыхущІигъэхьэ, абы фыльэІэсмэ, льэпкъым куэд дыдэ кьехьулІауэ аращи, зэпымыууэ зывуэщІыну ди гуапэщ, - кьыхигъэщащ Кьалмыкъ Жылэбий.

Къэпсальэхэм жаІэр щызэхэтхкІэ, адыгэшхэм зэщхьу яхэльыр ди гум кьыпидзэрт. Ахэр жьапхъэ бгъуфІэщ, пащхьым быхъущ, тхьэкІумэ дзасэщ, нэпІащэ кьилыдыкІщ, пщэ задэ кІыхьщ, плІэшхуэщ, бгъэ зэлъыІухащ, льащхьэ льагэщ, бэшэчщ, губзыгъэщ, бгы захуэщ, Іущщ, лъэрызехьэщ, щхьэгъурщ. КьызэрагъэлъэгъуамкІэ, ассоциацэм и кьалэн нэхьыщхьэр мис а ихэри ткІуэпс зырызу зэхуэхьэсыжьырщ, адыгэш лъэпкъ къабзэр зэтегъэувэжьным хуэфащэ унэтІынигъэ етыныр щ.

Къулькъужьн Ищхьэрэ къуажэм и администрацэм и Іэтащхьэ Кумыщ Хьэмидбий щыгъажэр кьызэІуиха нэужь зэпеуэм щидзащ. Ар щызэпагъэу зэманым ныбжьыщІэхэмрэ щІалэгъуалэмрэ Іэпщэкіэ зэпекъуащ, гьыр къэІэтыныкІэ я зэфІэкІыр ягъэлъэгъуащ. Зэраубзыхуам хуэдэу, «Къулькъужыным и саугъэтышхуэр япэу ягъэджэгуащ. Ар кьихьэхуащ Къуэкъэблэ щыщ Бабыгуей Сэрыкъкъуэ и шым. ЕтІуанэ, ещанэ увыпІэхэр Шордакьрэ я лІыкІуэхэу Урыс Борисрэ Жырыкъ Рашидрэ зэдагуэщащ. Бжьыпэр зыубыдахэм ассоциацэм и саугъэтхэр Кумыщ Мухьэрбий яритащ.

Къулькъужьн щыщ лъэпкъхэри мы Іуэхум жыджэру хэтащ. Къапщтэмэ, Шымэзокъуэхэ, Ныр-хэ, Къуэдзхэ, Науржанхэ, Ездэчхэ ягъэува саугъэт щхьэхуэхэр къэхьыным шуейхэр зэщІэплъауэ щызэпеуащ. Абыхэм щатекІуащ Тэмазэ Анзор (Къэрэгъэш), Бадзэ Хьэбас (Зэрэгьыж), Ныр МуІэд (Дзэлыкъуэдэс), Жыджэт Іэнуар (Урыху), Тхьэгъэлэдж Олег (Налшык къ.ксымэ.

Іэпщэкіэ зэпекъуахэм я дэж къулькъужьндсхэу Багъ Хьэсэн, Борэн Аскэр , Науржан Азэмэт сымэ бжьыпэр щаубыдащ. Гьрэ хьэльэр 90-рэ къиІэтри, Щокъуий Хьэсэнбий я спорт лІэужьыгъуэм щапхъэ къыщигъэлъэгъуащ. Дол Зубер етІуанэ хьуащ, Ныр Маратрэ Кумыщ Андемыррэ зэхуэдэ бжьгъэкІэ - 77-рэ гьрэ къаІэтри, ещанэ увыпІэр зэдагуэшащ.

Шы зыгъэхьуэхэмрэ адыгэш лъэпкъыр фІыуэ зыльагъуэхэмрэ я урысейпсо зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Кумыщ Мухьэрбий я Іуэхур дзэзыІыгъа, дзэзыІэта, ар къызэгъэпэщыным, екІуу етъэкІуэкІыным хэлЫфІыхьа псоми фІыщІэ яхуищІащ.

- Зи щхьэм, зи блэкІам пщІэ хуэзыщІыж, зи къэкІуэнум егупсыс лъэпкъым, шэч хэмылъу, Іуэхугъуэ инкІэ гъэщІа тхыдэ хьэлэмэт иІэщ. Апхуэдэщ ди лъэпкъ мащІэр, ауэ уардэр. А ди тхыдэ къулейм нобэ кьыхэхьуащ адыгэш лъэпкъ къабзэхэр зытегъэувэжьным гъунэ щыхуитльа мы шыгъажэшхэри, Тхьэм псоми фІы кьытхудигъакІуэ! Кьетхьэжьа Іуэхур ныбжьыщІэхэмрэ щІалэгъуалэмрэ дяпэкІи кьыджэру кьыддаІыгъыну дащогуть икІи ар ипэкІэ зэрагъэкІуэнур ди фІэщ. Сыту жыпІэмэ, шы лъэпкъыфІыр адыгэм ди напщІэм тельу нобэм дыкъэсащи, кьыхренэ ар адэкІи ди тхыдэм набдзэу. Нэхьапэкіэ зэрыжьыс-Іауэ, ди зэгухьэныгъэ я Іуэхум хэкъуэзауэ елэжьынущи, мыр кьэралІ Іуэху тхуэщІмэ, екъулІэныгъэ нэрылъагъухэр къызэрытхудэкІуэнум шэч кьытетхьэркьым, - кьыхигъэбелджылыкІащ Кумыщ Мухьэрбий.

Шыгъажэм ирихьэлІа нэхъыжьыфІхэмрэ хьэщІэхэмрэ Іэпэ кьыхуащтащ, сабийхэр ІэфІыкІэхэмкІэ я гъэгуфІащ. Къулькъужьн щыщ уэрэджыІакІуэхэм зэхуэсахэм я нэгу зрагъэужьащ.

ХЬЭЖЬКЪАРЭ Алик.

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** трихащ.

Ди газетым и кьыкІэпыкІуэ номерыр кьыщыдэкІынур фокІадэм и 21-рщ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ,
Налшык къалэ, Лениным и цэкІэ щыІэ уэрам, 5,
ебгъуанэ-епщІанэ къатхэр.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ,
Налшык къ., Лениным и цэкІэ щыІэ уэрам, 33,
тел. 42-35-75.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м
№Н-0065-м щІэту ятхащ.
Индексыр 51531 ● Тираж 4.820 ● Заказ №2416